ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№177 (22.585) ● 2013 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Ди жыг хадэхэр Италием ейхэм куэдкIэ ещхьщ

● Зэпыщlэныгъэхэр





**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэу Къанокъуэ Арсен зи пашэм зэманыр хуримыкъу жыхуаIэм хуэдэщ. Гупым хэтхэм пщэдджыжьыр сыхьэти 8-м щегъэжьауэ кIыфI хъуху етIысэхыпIэ ягъуэтыркъым. Республикэм и лIыкIуэхэм етIуанэ махуэм кууэ щыгъуазэ защIащ псынщIэу къызыпыкIэ жыг хадэхэм Больцанэ щIыналъэм зэрыщелэжьым.**

ПСОМ ЯПЭУ хьэщIэхэр ирагъэплъащ пхъэщхьэмыщхьэр зыхъумэ, зэхэзыдз, ашыкхэм изылъхьэ кооперативым и администрацэм и унэм. АдэкIэ ахэр лэжьапIэ IэнатIэхэм яшащ. Кооперативым и щIыIалъэм дохуэ щIыналъэм къыщыпачыж мыIэрысэм и процент 90-м щIигъур. Ауэ ар къаймэщIэкIыу къалъытащ, сыту жыпIэмэ, мыIэрысэм къыдэкIуэу, яхъумэн папщIэ къыIахыу щIадзащ балийр, къэбыстэр, хуэрэджэр.

КъБР-м и Iэтащхьэр щIэупщIащ пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахъумэ пIалъэхэр зыхуэдизым: «Продукцэр теплъэ дахэ иIэу хъумэным къыдэкIуэу, абы и фIагъми кIэрымыхуу, витаминхэри фIэмыкIуэду зепхьэн хуейщ. Пхъэщхьэмыщхьэм пщIэ щIиIэр ар узыншагъэм дежкIэ зэрыфIырщ». Бысымхэм зэрыжаIамкIэ, хуэрэджэр щIыIалъэм зэрыдагъэлъыр махуи 3 - 4-кIэщ, ауэ мыIэрысэр мази 10-м нэскIэ яхъумэф.

Абы иужькIэ хьэщIэхэр яшащ мы щIыналъэм и псыхъуэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщым икIи метр 600 - 1200-рэ зи лъагагъ щIыпIэхэм жыг хадэхэр зэрыщыхасэ, жыг зэхуакухэр зэрыдавыкI, жыгхэр зэраухъуэнщI иджырей технологиехэм щыгъуазэ ящIащ. Делегацэм хэтхэм а махуэ дыдэм ирагъэлъэгъуащ иджырей мэкъумэш техникэр щахъумэ технопаркыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджырей жыг хадэхэр хэсэным гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIырщ абы и лъэныкъуэкIэ Италием и IэщIагъэлIхэм я лэжьэкIэм хэхауэ щыгъуазэ зыщIащIыр. Мы къэралым щыIэ жыг хадэхэм куэдкIэ ещхьщ иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэщIэрыуа хадэшхуэхэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

# ЩIымахуэр къоблагъэ. Абы дыхуэхьэзыр?

**КъБР-м газ зэрыкIуэ и бжьамийхэм я щытыкIэр зыхуэдэм, ахэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым ехьэлIа Iуэхухэм, гъэсыныпхъэм и уасэр тыным хэлъ гугъуехьхэм, нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьащ КъБР-м и япэ вице-премьер Уянаев Казым нэхъыжьу щысу Правительствэм и унэм щекIуэкIа зэIущIэм.**

АБЫ ХЭТАЩ «Газпром» ОАО-мрэ «Газпром Межрегионгаз» ООО-мрэ я къулыкъущIэхэу лэжьыгъэ IуэхукIэ Налшык къэкIуахэр, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэр, хуабэрэ газрэ зыгуэш IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Республикэм энергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ и министр Кучменов ТIэхьир жиIащ КъБР-м и Правительствэм зэриубзыхуам тету щIымахуэм зэрызыхуагъэхьэзырыр. ФокIадэм и 1-м ирихьэлIэу абы егъэщIылIа лэжьыгъэхэм я процент 92-р зэфIагъэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ газ зимыIэ яхэтыжкъым. Республикэр абы и лъэныкъуэкIэ япэ итщ УФ-м и щIыналъэ куэдым. Газ зэрыкIуэ бжьамийхэм я щытыкIэр Iейкъым. АрщхьэкIэ зэгъэпэщыжын, гъэсыныпхъэхэр къыдэзыгъахуэ Iэмалхэр къыщыгъэсэбэпын хуей IэнатIэхэри щыIэщ.

«Газпром»-р хьэзырщ газ IэнатIэм КъБР-м щиIэ Iэмэпсымэхэр щIэкIэ зэхъуэкIыным и мылъку къыхилъхьэну. Газ уасэмкIэ щIыхуэ гуэрхэр телъми, КъБР-м и Правительствэр хьэрэмыгъэншэу къытхущытщ. Абы Iэмал къыдет тэмэму дызэдэлэжьэну», - къыхигъэщхьэхукIащ мы IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Исаков Николай.

КъБР-м и Правительствэмрэ «Газпром Межрегионгаз» ООО-мрэ зэдолажьэ, гъэсыныпхъэр къыдэгъэхуэным, нэхъ хуэмыщIа унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, газым и уасэр къызэрыхах Iэмалхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, щIыуэпс газ нэхъыбэ игуэшыфын хуэдэу ирагъэфIакIуэ Прохладнэ ГРС-р, Къубэ-Тэбэ къуажэм и фэтэри 116-м хуабэ яIэрыгъэхьэным хуэгъэза лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI (иджыри къэс абыхэм щыпсэухэм газыр къызэрагъэсэбэпыфыр ирипщэфIэн къудей щхьэкIэт). 2013 - 2014 гъэхэм я мурадщ республикэм и хьэблэщIэхэм газ яшэным, нэгъуэщI Iуэхухэм сом мелуани 160-рэ трагъэкIуэдэну.

Газ къыщагъэсэбэп унэхэм я кIуэцIхэм щIагъэувэ Iэмэпсымэхэр егъэфIэкIуэным теухуа программэхэр зэхалъхьэ. Апхуэдэу пащэнущ къагъэсэбэпа газыр зыхуэдизыр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр унагъуэ хуэмыщIахэм хуагъэувыным. 2013 - 2014 гъэхэм республикэм ЭнергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм апхуэдэ Iэмэпсымэу 104-рэ яхуигъэувващ, сом 1 мелуан тригъэкIуадэри.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ газымкIэ къатехуа щIыхуэр къызэрыхахыжыну щIыкIэм.

**НЫР Маринэ.**

# ЩIыхухэм лейуэ къыIаха газ уасэр иратыж

**Дызэрыт илъэсым къриубыдэу КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и къэпщытакIуэ управленэм лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ коммунальнэ комплексым хиубыдэ IуэхущIапIэхэм иджыпсту зекIуэ законхэр зэрагъэзащIэм, тарифхэм зэрытетым кIэлъыплъын и лъэныкъуэкIэ. Псори зэхэту абы къэпщытэныгъэ 33-рэ иригъэкIуэкIащ. Къэпщытэныгъэу 9-р къызэрагъэпэщащ КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакIуэхэр хэту.**

АБЫХЭМ япкъ иткIэ, ягъэхьэзыра административнэ Iуэхуу 19-м хэплъащ. Абыхэм ящыщу 9-м япкъ иткIэ, къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэм псори зэхэту сом мин 611-кIэ етхьэкъуащ.

Министерствэм и лэжьакIуэхэм сэтей къащIащ коммунальнэ IуэхущIапIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм газ уасэу лейуэ сом 1 мелуанрэ мин 480-рэ къызэрыIахар. Къызэрапщ Iэмэпсымэ ямыIэу газыр къэзыгъэсэбэп унагъуэ 930-м газ кубометр мин 370-рэ лейуэ тратхауэ къыщIэкIащ.

«Лейуэ ахъшэ къызыIахахэм зэрытрагуэшэжым министерствэр ткIийуэ кIэлъоплъ», - къыджиIащ къэпщытакIуэ управленэм и унафэщI Гуэбэшы Залымджэрий.

**ХЬЭЛЫШХ Мусэлий.**

# Къэралым и бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 80-м щIигъу

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр яхэхуащ федеральнэ бюджетым и ахъшэу къэрал мылъкум хиубыдэ ухуэныгъэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ псори зэхэту сом мелард 1,78-рэ зыхуаутIыпщыну субъект 20-м. А ахъшэр зэрытрагуашэ щIыкIэм теухуа унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и премьер-министр Медведев Дмитрий.**

ХЬЭРЫЧЭТ IэнатIэ мыинхэм папщIэ инфраструктурэр зэтегъэувэным пыщIа Iуэхухэм трагъэкIуэдэну ахъшэр псори зэхэту сом мелуани 120,6-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелуан 81,13-р федеральнэ бюджетым, сом мелуан 29,2-р КъБР-м и республикэ бюджетым, сом мелуани 10,3-р муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэм къыхэкIынущ. А ахъшэр трагъэкIуэдэну я мурадщ Дзэлыкъуэ районым и бизнес-инкубаторыр, апхуэдэу Бахъсэн районым и агропромышленнэ бизнес-инкубаторыр нэгъэсыжыным.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгъу Темыркъан къызэрыджиIамкIэ, бизнес-инкубаторхэр дэIэпыкъуэгъушхуэщ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зэтегъэувэнымкIэ. Апхуэдэ япэ бизнес-инкубаторыр министерствэм къызэIуихауэ щытащ 2006 гъэм. Ар яухуауэ щытащ федеральнэ бюджетымрэ КъБР-м и республикэ бюджетымрэ я мылъку зэхэлъкIэ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубаторыр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ ин дыдэщ. Абы къыдэкIуэу, апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къыщызэрагъэпэщащ Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэмрэ Бахъсэн муниципальнэ районымрэ.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

# КъагурыIуэн папщIэ

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр хэтащ нэхъыжьхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Интернет гурыIуэгъуэ» щIэныгъэ-практикэ видеоконференцу Ульяновск къалэм щекIуэкIам. Ар хуэгъэзауэ щытащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ хъыбар зэрырагъащIэ иджырей Iэмэпсымэхэм щыгъуазэ щIыным.**

КОНФЕРЕНЦЫР къызэзыгъэпэщахэм я мурадыр нэхъыжьхэм компьютер и лъэныкъуэкIэ я щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным теухуа къэрал политикэ убзыхунырщ. Мыр «Псоми къагъэсэбэпыф Интернет» урысейпсо зэпеуэм и щIэдзапIэщ. Ар зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр мы зэманым зэхелъхьэ УФ-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм.

Фигу къэдгъэкIыжынци, Дистанцэ егъэджэныгъэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ центрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ я жэрдэмкIэ компьютерым хурагъэджащ абы хуей пенсионерхэр. 2011 - 2012 гъэхэм екIуэкIащ а лэжьыгъэр икIи абы пащэнущ.

**ТОКЪМАКЪ Мадинэ.**

# Бгырыс жылагъуэхэм телевиденэр зэрыщылажьэр йофIакIуэ

**«2009 - 2015 гъэхэм Урысей Федерацэм телерадиовещанэм зыщегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ ди республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Къапщтэмэ, иджыблагъэ Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм щагъэуващ телевиденэм и программэхэр зэрат иджырей шордакъ. Ар федеральнэ бюджетым и ахъшэкIэ яухуащ. Ухуэныгъэщ1эм Iэмал къет къуажэдэсхэр бжыгъэхэр зи лъабжьэ телеканалхэм еплъынымкIэ.**

ШЭДЖЭМ Ищхъэрэм щыпсэухэм европэ мардэм иту къызэрагъэпэща телеканалу 12-м еплъыфынущ, радиостанцу 3-м едэIуэфынущ. Бжыгъэхэр зи лъабжьэ телевиденэр мыгувэу нэсынущ Шэджэм районым щыIэ адрей бгырыс жылагъуэхэми - Хъущтэ-Сырт, Эльтюбю, Булунгу, Лашынкъей къуажэхэм, Звезднэ поселкэм.

*КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ПсапащIэхэр

# ЦIыху 64-рэ мэлажьэ

**КъБР-м цIыхухэр IэнатIэкIэ къыщызэгъэпэщыным и щIэгъэкъуэн программэм хыхьэу, хэхауэ хуагъэхьэзыра лэжьапIэхэм мы гъэм ныкъуэдыкъуэ 98-рэ ягъэувыну я мурадщ. ШыщхьэуIум и 20-м ирихьэлIэу цIыху 64-м апхуэдэ IэнатIэхэр къыхуагъуэтащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщ и къэрал комитетым программэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тхьэщыгъуей Заур зэрыжиIамкIэ, а Iуэхум трагъэгушхуэн щхьэкIэ, IэнатIэхэр зыгъэхьэзырхэм абыхэм трагъэкIуэдар иратыж.

Псалъэм папщIэ, Дзэлыкъуэ районым щыIэ я IуэхущIапIэм ныкъуэдыкъуи 7 къэзыщтэну щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ. Картоным елэжь хьэрычэтыщIэм зи зэфIэкIкIэ зэхуэмыдэ ныкъуэдыкъуэхэр зыпэлъэщыну IэнатIэхэр къыдихащ, зыхуеину Iэмэпсымэхэр къищэхуащ. Абы ипкъ иткIэ, къызэригъэпэща IэнатIэ къэс хуэзэу сом мин 66,2-рэ иратыжащ.

*КъБР-м ЦIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Къабзагъэ

# НэхъыфIхэр ягъэпажэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу сом мелуани 2-рэ мин 700-рэ и уасэ пхъэнкIийдэш автотранспортыщIэ дзэлыкъуэдэсхэм тыгъэ хуащIащ. Районымрэ Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэмрэ я бюджетхэм я хьэкъкIэ къащэхуа техникэр фокIадэм и 1-м гуфIэгъуэ щытыкIэм иту «Псы бжьамийхэр» ООО-м иратащ.**

ЩIЫПIЭХЭР гъэкъэбзэным, зэIузэпэщ щIыным куейм и унафэщIхэм зэпымыууэ я нэIэ трагъэтщ. Къуажэдэсхэр трагъэгушхуэн папщIэ, район администрацэм и Iэтащхьэ Шэт МэчрэIил и жэрдэмкIэ, къабзагъэм нэхъ щегугъуу къалъытэ жылагъуиещыр зэрагъэпэжэну фонд нэгъабэ ягъэуващ. Уэрамхэр гъэнэхуным гулъытэшхуэ хуащI, кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэр ягъэув.

Федеральнэ программэм тету, 2010 - 2011 гъэхэм сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ техникэ хэхауэ 6 Дзэлыкъуэ районым иратащ: пхъэнкIийдэш автотранспортитI (сом мелуани 3,1-рэ), ассенизатор (сом мин 870-рэ), экскаваторитI (сом мелуани 3,8-рэ), автогрейдер (сом мелуани 3,7-рэ). КъищынэмыщIауэ, Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм и щIыпIэ администрацэм сом мин 430-кIэ автоподъемник, сом мелуанкIэ автогрейдер нэгъабэ къищэхуащ.

**БЖЬАХЪУЭ Маринеттэ.**

# Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2013 гъэм фокIадэм и 1-м «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэ зэгуэтым и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм къызэIуех 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIегъэдзыныр. Абы папщIэ дэтхэнэри пощтым и IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм, почтамтхэм екIуалIэ хъунущ. Абыхэм я лэжьакIуэхэм фэ нэхъ фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ унэм ныфхуахьынущ, апхуэдэу ахэр пощтым и IуэхущIапIэхэми къыщеIыфхыж хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьын папщIэ фызыхуей псори къыщыфщIэ хъунущ пощтым и лэжьакIуэхэм я деж.

*КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэ.*




### Iэмал псори къэгъэсэбэпын

**УФ-м и Къэрал Думэм дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ Сирием щыIэ щытыкIэм, абы США-р хэIэбэну зэрызигъэхьэзырым.**

«США-м Сирием Iэщэ къыхуигъэсэбэп хъужыкъуэмэ, Урысей Федерацэми абы и жэуапу Ираным ирищэ хъунущ а къэралым зэрызихъумэжын Iэщэ. Абы нэмыщI Афганистаным теухуауэ Урысеймрэ Америкэмрэ зэрызэпсэлъауэ щытахэми къытекI хъуну къызолъытэ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм дунейпсо IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Пушков Алексей.

Апхуэдэуи депутатым къыхигъэщащ иджыпсту а Iуэхум щIыхэхьэ...

### ЩIэм тету къабжынущ

2015 гъэм къыщыщIэдзауэ пенсэр къызэрабжыну щIыкIэщIэм УФ-м и Правительствэм арэзы щытехъуащ.

Иджы цIыхум и пенсэр зэхэтынущ къэралым хухих, езы лэжьакIуэм зэхуихьэс Iыхьэхэу, абы нэмыщI зы ахъшэ бжыгъэ пыухыкIа гуэри къыхущIагъунущ. Нэхъапэм бжыгъэ гуэр ягъэуврэ абы фIагъэкI хъууэ щымытамэ, иджы пенсэ къэбжыкIэщIэм коэффициентхэр иIэнущ. Псори зэлъытыжауэ щытынур цIыхур зэрылэжьа зэманым къриубыдэу улахуэу иIарщ. IэнатIэ Iут дэтхэнэми и къэкIуэну пенсэм илъэс къэс хухабжэнущ къилэжьам щыщ Iыхьэ. КъимыдэкIэ, зэрылэжьа илъэс бжыгъэми мыхьэнэ хэха иIэнущ - куэдрэ IэнатIэ пэрытар зэрагъэпэжэну сом бжыгъэр нэхъыбэнущ.

«ФормулэщIэм Правительствэм арэзы щытехъуащ, - жиIащ вице-премьер Голодец Ольгэ. - Абы жылагъуэми щытепсэлъыхьащ, ар IэщIагъэлIхэми къапщытащ».

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 12, *махуэку***

◆**Зызыужь къэралхэр зэдэлэжьэным и махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ.

◆1492 гъэм **Колумб Христофор** Америкэр къызэIуихащ.

◆1953 гъэм **Хрущев Н. С.** КПСС-м и ЦК-м и япэ секретару хахащ.

◆1959 гъэм Совет ракетэр япэу Мазэм лъэтащ икIи СССР-м и ныпымрэ гербымрэ ихьащ.

◆ФокIадэм и 12 - 16-хэм Новороссийск къалэм егъэлъапIэ: и лъабжьэр зэрагъэтIылърэ илъэси 175-рэ (1838 гъэм фокIадэм и 12-м), фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 70 (1943 гъэм фокIадэм и 16-м), Къалэ-лIыхъужь цIэр зэрыфIащрэ илъэс 40 зэрырикъур (1973 гъэм).

◆ФокIадэм и 12 - 13-хэм Грознэм щекIуэкIынущ «Унагъуэ быдэр Урысейм и лъабжьэщ» Урысейпсо конференцэр.

◆КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

◆1942 гъэм Сталинград зауэм щIидзащ.

◆Къыргъызым и къалащхьэ Бишкек щызэхэтынущ ЗэдэлэжьэныгъэмкIэ Шанхай зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм я зэIущIэшхуэр.

◆ФокIадэм и 13 - 14-хэм Белоруссием и щыхьэр Минск щекIуэкIынущ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я щэнхабзэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным щытепсэлъыхьыну дунейпсо конференц.

◆Драматург, режиссер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

◆Шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

◆Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джыназ Борис** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

◆ХьэрычэтыщIэ, псапащIэ, «СулътIан-СК» ПКФ-м и унафэщI **Къаздэхъу Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 26-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 13, *мэрем***

◆**Программистым и махуэщ**

◆1762 гъэм Екатеринэ ЕтIуанэр пащтыхь къулыкъум пэрыуващ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

• Iулъхьэ

## Сыт къищэхур? Къызэрищэхури дапщэкIэ?

**Медведев Дмитрий Iэ тридзащ къэралым къищэхухэр зейхэр хэIущIыIу щIыным теухуа унафэм.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ премьер Медведев Дмитрий Правительствэм деж щыIэ эксперт советым хэтхэм епсэлъащ. ЗэIущIэр теухуауэ щытащ къэрал мылъкум хэщIхэм къызэрыдагъэхуэну Iэмалхэр къэгъуэтыным. Медведевым жиIащ федерацэм сом мелард, щIыналъэхэм мелуанищэ щIигъу я уасэу щызэращIылIэ къэрал заказхэм яхуэгъэза хъыбархэр хэIущIыIу зэращIынум теухуа унафэм Iэ зэрытридзар.

Социологхэм къызэрапщытам къигъэлъэгъуащ: урысейхэм я нэхъыбэм къалъытэ къэрал заказхэр зэрагуэш щIыкIэм захуагъэ хэмылъу икIи щIэуфауэ щыту. ВЦИОМ-р зэупщIахэм я зэхуэдитIым нэсым шэч къытрахьэркъым мыбы Iулъхьэхэр зэрыщызекIуэм.

IэщIагъэлIхэм Медведевым зэрыжраIамкIэ, урысейхэм я нэхъыбэм ящIэркъым илъэсыщIэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ къару зэригъуэтыр, къэралым къищэхухэр зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тетын зэрыхуейм теухуа хабзэм. Хэбгъэзыхьмэ, абы хэзыщIыкIыр мы IэнатIэм пэрыт IэщIагъэлIхэм ящыщу мащIэщ. АрщхьэкIэ абыхэм шэч къытрахьэркъым Iуэхур зэрефIэкIуэнум, зэгурыIуэныгъэ хабзэр и лъабжьэу къэралыр щэхуэным сом триллионым щIигъу къыдигъэхуэнущ. Iэмал имыIэу къащэхун хуейрэ хуэмейрэ зэхагъэкIыным текIуадэр сом мелард 500-м нос, сату зэрызэдамыщIам - сом мелард 300 къыдагъэхуэнущ. Сом меларди 170-рэ кърагъэзэжынущ къащэхунур зыхуэдизым и мардэхэр гъэувыным. Апхуэдиз дыдэ фейдэ къахуищIынущ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ зыщэхэм я зэпеуэм. Медведев Дмитрий къелъытэ мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ Iулъхьэм упэщIэтыфыну.

- Дэ дыщогугъ хуабжьу гугъу фыдехьу къэтщта законыр абы и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къытхуэхъуну, - къыхигъэщхьэхукIащ премьер-министрым.

Абы апхуэдэу щIигъужащ законыр нэсу лэжьэн папщIэ Правительствэм и унафэ 53-рэ къащтэн зэрыхуейр.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
*«Комсомольская правда»*

**«ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ спортсменыр тхьэусыхэн хуейкъым лей къытехьауэ жиIэу». Апхуэдэу къелъытэ спорт гимнастикэмкIэ олимп дыщэ медали 9 къэзыхьа Латынинэ Ларисэ.**

• Нэхъыжьым и псалъэ

## ЛАТЫНИНЭ Ларисэ: Къуаншэхэр къэвмылъыхъуэ

- СЭ ХУАБЖЬУ сигу ирихьащ ди спортсменхэм Къэзан щекIуэкIа Универсиадэм зыкъызэрыщагъэлъэгъуар. ИкIи ар къэплъытэ хъунукъым «зэпеуэ къызэрыгуэкIхэу». УтекIуамэ, гуфIэ, къыптекIуамэ, ар къызыхэкIам егупсыс. Сэ, псалъэм и хьэтыркIэ, сужэгъуащ «90 гъэ угъурсызхэм» ятеухуауэ жаIэхэм седэIуэн. Языныкъуэхэм деж, уеблэмэ, зэхьэзэхуэхэм хэмыхьэ щIыкIэ тепсэлъыхьу щIадзэ щIытемыкIуэфынкIэ хъуну щхьэусыгъуэм: «Сыт атIэ фызыхуейр? Дэ иджыри къэс а илъэсхэм я уз къыдофыкI!» Щхьэусыгъуэ бгъуэтынущ сыт щыгъуи. Демографиер, ахъшэр зэрымащIэр, медицинэр зэрымыхьэнэншэр, уэшхыр, уэсыр тегъэщIапIэ пщIы мэхъу. Зауэ нэужьыр-щэ? Сэ Херсон сыкъыщыхъуащ. Псори зэхэкъутат, дыфакъырэт. Си адэр Сталинград деж щыхэкIуэдати, си анэр лъэсакIуэуи, хьэкур игъэплъуи лэжьэн хуей хъурт… ИкIи, дэ, зауэм и бынхэу зэпымыууэ зи ныбэ изу мышхэхэр, Мельбурн дыкIуэри дыщытекIуат!

### НэгъуэщIхэм ящыщ?

Иджыблагъэ Урысейм псы есынымкIэ и чемпионатым сеплъати, сызэгупсысаращ: сыт фэ, ныбжьыщIэхэ, фыщIызыщысхьыжыр? Абыхэм ялъэгъуащэрэт Монреаль щекIуэкIа Олимпиадэм кIуэн папщIэ Ким Нелли и фэм дэкIар зыхуэдизыр! Лъэрти, къемыхъулIамэ, гъырт. И нэпсхэр щIилъэщIыкIырти, аргуэру лъэрт. Ар псыхэкIуадэ хъуакъым. Нелли Канадэм балли 10 (абы нэхъыбэ щыIэкъым) щыхуагъэуващ, дыщэ медалищи къыщихьащ. Сыхуейкъым иджырей щIэблэм щыщ псори нэгъуэщIу къыщIезгъэдзыну. Ар пэжкъым. ЦIыхухэр зэщхькъым. АрщхьэкIэ языныкъуэхэм деж слъагъур сфIэтелъыджэщ. Мис, футболистхэм къакIуэхьри губгъуэм итщ. Къалэжь ахъшэшхуэр къахуемыхьэкIыу арауэ пIэрэ? Фэбжь къыхахыным щышынэу пIэрэ? ИтIанэ ахъшэфI яфIэкIуэдынущ. Ахъшэшхуэр хьарзынэщ, ауэ языныкъуэхэм деж ар спортым зэран хуохъу…

ИкIэм-икIэжым псори зэлъытар гъэсэныгъэрщ. ЖаIэ: спортсменхэм я щхьэхэр лъагэщ, арщхьэкIэ я зэхэщIыкIыр лъахъшэщ. Мыбдеж спортым зыри тевмыщIыхь! Псом нэхърэ нэхъыщхьэр фыкъэзыухъуреихь цIыхухэрщ, абыхэм къапкърыфхырщ. Сэ фIы дыдэу сощIэж си япэ школ тренер Сотниченкэ Михаил къызита дерсыр. Зэгуэр сэ ар къызэшхыдащ уэншэкур зым исхыу нэгъуэщI щыпIэ зэрызмыгъэIэпхъуам къыхэкIыу: «Сыт, Ларисэ, зыкъыпфIэщIыжауэ ара?! СлIожь, иужьрей зэпеуэхэм ущытекIуамэ, хьэлъэр нэгъуэщIхэм кръалъэфэкIын хуейуэ къэплъытэрэ?» Сэ абы жесIащ сызэрыхунэмысар, ауэ нэхъыжьым и жэуапыр кIэщIт: «УтекIуэну щыпхузэфIэкIкIэ, хьэлъэ къеплъэфэкIыни зылъэгъэкI. ИкIи зэгъащIэ: зэи зыми жьэ иумыт «зыкъыфIэщIыжащ» къыпхужиIэну». А псалъэхэр сэ уаз схуэхъуащ.

### ЦIыхухэмрэ тхылъымпIэхэмрэ

Сэ си фIэщ мэхъу тренергъэсакIуэ телъыджэхэр иджыри зэрыщыIэр. Ауэ абыхэм яхуэфащэ пщIэ ягъуэтыркъым. Ди дохутырхэм пщIэ зэрамыгъуэтым хуэдэу. Спортсменым фэбжь игъуэтамэ, къыщIадзэ: «Ар щагъэхъужыфынур Германиерщ е апхуэдэ нэгъуэщI къэралщ». Сэ, псалъэм и хьэтыркIэ, операцэ сыщащIар Москва и 31-нэ клиникэрщ. Си щхьэгъусэми къыщеIэзар къалащхьэрщ. Дэ ахъшэ диIэт, арщхьэкIэ абыхэм защIыхуэдгъэзар ахэр зэрыIэщIагъэлIхэм шэч къытетхьэртэкъыми, арат.

НэгъуэщIхэм пщIэ къыпхуащIын папщIэ, уэ пщIэ зыхуэпщIыжу, уи тхыдэр, хабзэхэр пщIэжу щытын хуейщ. Фэ фщIэуэ къыщIэкIынкъым XX лIэщIыгъуэм и атлет нэхъыфIу къалъытахэм ди къэралым и зы спортсмени зэрахэмытар. Iуэхур зэрыщытар мыпхуэдэущ. Дунейпсо олимп комитетым мурад ищIащ апхуэдэ спортсменхэр къыхихыну икIи лъэпкъ комитетхэм хъыбар яригъэщIащ. А зэманым лэжьа ди спорт унафэщIхэм ар къафIэIуэхуакъым. Арати, ди цIыхухъухэм ящыщ а тхылъым ихуакъым, цIыхубзхэм ящыщу Роднина, Лазутинэ, сэ ди тхылъхэр ирагъэхьати, зыри дыпхыкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэр иужькIэщ белджылы щыхъуар - дэ ди ехъулIэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэм щыуагъэ кIуауэ арат. Псалъэм и хьэтыркIэ, сэ си олимп дыщэ медали 9-м я пIэкIэ 5 фIэкIа симыIэу сыкъыщIрагъэдзащ. XX лIэщIыгъуэм и гимнасткэ нэхъыфIу къалъытащ румынкэ Команечи Надя (олимп дыщэ медали 5). ДыдейхэмкъафIэIуэхуакъым, ауэ менеджерхэм румынкэр я къару псомкIи яIэтащ. Сэ шэч къытесхьэркъым: Команечи гимнасткэ гъуэзэджэщ, ауэ зы олимпиадэ закъуэм дахэу зэрыщытекIуам къикIыркъым ар лIэщIыгъуэм и спортсменкэ нэхъыфIу къалъытэн хуейуэ.

Ауэ иужькIэ удэуэным, щыуагъэхэр къэптIэщIыным къикIыр сыт? Дэуэнури хэт? Сэ къызолъытэ спортсмен нэсыр тхьэусыхэн хуэмейуэ. Сэ срагъэсащ къызэмыхъулIамкIэ къуаншэр къэзмылъыхъуэу. Латынинэр нэхъыфI дыдэу къызэрамылъытэракъым Iуэхур здэщыIэри. Си жагъуэ хъур а зэманым ди къэралышхуэм къызэрыфIэмыIуэхуаращ езым и спортсменхэр фIыуэ къалъытэми къамылъытэми.

### БлэкIамкIэ дгъэзэжынти…

США-м спортыр щыуващ лъэпкъ щэнхабзэм и Iыхьэу. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт СССР-р. Дэ псори диIащ. Сэ, псалъэм и хьэтыркIэ, гимнастикэ секцэм и мызакъуэу, атлетикэ псынщIэмкIи псы есынымкIи зэпеуэхэм сыхэтт. НэгъуэщI къэралхэм ящыщ тренерхэр къедгъэблагъэ, абыхэм я лэжькIэр щапхъэу къэтлъытэ нэхърэ ди школхэр спорт IэмэпсымэхэмкIэ иридгъэкъумэ нэхъыфIт.

КъэтщтэнтиКитайхэр. Ахэр техьащ совет спорт зыгъэсэкIэм. Къэхъур долъагъу. Иджырей унафэщIхэм къалъытэ блэкIамкIэ еплъэкIыжын хуэмейуэ, нэхъыжьхэм жаIэр лейуэ. Фэри фолъагъу: унафэщI куэдым я блыгу щIагъэувэр зэфIэкIышхуэ зимыIэхэрщ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: абыхэм уардэу къахэщынущ езыхэр. Ауэ, акъылым тепщIыхьмэ, унафэщIым къуэтын хуейр зэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхухэрщ. Пэжщ, апхуэдэхэр вэгъэзэгъыу щыткъым. Сэ жысIэр сощIэ. Си зэманым садэлэжьащ Растороцкий, Кныш, Байдин хуэдэ тренерхэм. Дэтхэнэми убгъэдыхьэну гугъут, ауэ сыт хуэдиз къапыпхрэт?!

Сэ зыгуэрхэм сахуэщхьэпэфынукъэ? Си чэнджэщхэм зыри хуэныкъуэкъэ? Къызэлъэдуххэмэ, си гуапэу сапэджэжынущ. Ауэ сэ зэи абы щхьэкIэ сылъэIуэнукъым. Зыгуэрхэр къысхуэзэну хуэмеймэ, къысхуремызэ. Сэ гульытэншэу сыкъэнакъым, щыпIэ куэдым срагъэблагъэ, абыхэм Кремлри хэту. АрщхьэкIэ гъэщIэгъуэнщ: Кремлым срагъэблагъэ, ауэ «Гуэл Хъурей» гимнаст базэм - зэи.

### Ар ди насыпщ

НывжесIахэр хэплъэгъуэ защIэу къызыщыхъуни къыфхэкIынщ. Зыри хэплъэгъуэкъым. Дэ дыщопсэу зихуэдэ щымыIэ Урысейм. Дэ ди деж дэтхэнэри и гъунэгъум деж екIуэкI хъунущ шей щефэну, щыуэршэрыну. Дэ Iэнэ дахащэхэр доухуэф. Ди зэныбжьэгъугъэр-щэ! Дэ ди цIыхубэм хуэдэ мы дунейм теткъым. Ар ди насыпщ.

*Зытхар* ХЕСИНЭ Викториещ.
*«Аргументы и факты»*

• КъБР-м щыIэ МВД-м

## Илъэс 90 гъуэгуанэ

**Урысей МВД-м и Плъыр-пост къулыкъур къызэрызэрагъэпэщрэ иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ. Егъэлеиныгъэ хэмылъу жытIэнщи, ППС-м и лэжьакIуэхэр лIыгъэшхуэ зыхэлъ, я пщэрылъхэм хуэпэж цIыху нэсхэщ.**

- ПЛЪЫР-пост къулыкъур полицэм и лъабжьэщ. Мы IэнатIэм пэрытхэм куэдкIэ елъытащ къэрал кIуэцI IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр цIыхухэм къазэрыщыхъунур, - щыжиIащ КъБР-м щыIэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру полицэм и генерал-майор Васильев Сергей илъэс 90-р щагъэлъапIэм ирагъэкIуэкIа махуэшхуэ селектор зэIущIэм. ППС-м и лэжьакIуэхэм ар ехъуэхъуащ я унагъуэхэр зэIузэпэщу щытыну, республикэм щыпсэухэм хабзэкIэ яIэ хуитыныгъэр хъумэным теухуауэ ехъулIэныгъэ яIэныр зэригуапэри къыхигъэщащ.

МВД-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и Плъырпост къулыкъум и батальон щхьэхуэм и 1-нэ ротэм и унафэщI, полицэм и капитан Гъажэ Тимур илъэс 19 хъуауэ а IэнатIэм хьэлэлу щолажьэ. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI офицерыр щIэпхъаджащIэхэр къэубыдыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щрагъэкIуэкIа Iуэхугъуэ псоми хэтащ. Абы и нэIэм щIэт гупым илъэсыр къызэрихьэрэ яубыдащ хабзэр къызэпызыуда цIыху 632-рэ, абыхэм ящыщу 3-р къэралым къыщалъыхъуэрт.

КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «Голос Чегема», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь», «Бахъсэн», «Баксанский вестник», «Вести Прохладного», «Зольские вести», «Лескенская газета», «Майские вести», «Маяк 07», «Нальчик», «Прохладненские известия», «Терек», «Черекские вести», «Эльбрусские новости» газетхэм я редакцэхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр», журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телерадиокомпанием, «НОТР-Нальшык» телерадиокомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым я лэжьакIуэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм, гущIыхьэ ящыхъуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къуэныкъуей Борис Хьэсэн и къуэр** зэуэзэпсэу зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къуэныкъуей Борис Хьэсэн и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Шэджэм районым къыщыдэкI «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къуэныкъуей Борис Хьэсэн и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

• Ди гъунэгъухэр

## Студентхэр «ягъэгуфIэ»

**«Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» законыщIэр къащтэным ипэ къихуэу студент общежитхэм щыпсэухэм хабзэкIэ ятын хуеяр я стипендиехэм я проценти 5-рт. Адрейр къэралым и мылъкум къыхэкIын хуейт. Ар захуагъэ зыхэлът. АрщхьэкIэ, къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуащи, иджыри къэс Ставрополь къалэм и вуз зэмылIэужьыгъуэхэм цIыху къэс сом 300-800 щыIахыурэ къекIуэкIащ. Фегупсысыт: апхуэдиз ахъшэр проценти 5-м тращIыхьамэ, студентым и стипендиер (сом 300-м деж) нэхъ мащIэ дыдэу сом мини 6, сом 800 щIатмэ, сом мин 16 хъун хуеящ.**

ИДЖЫ властхэр хэтынукъым общежитхэм я уасэр гъэувыным. ЗаконыщIэм ипкъ иткIэ, абыхэм гъуэлъыпIэ ущиIэным щIэптынур зыхуэдизыр зыубзыхунур езы еджапIэрщ. ЗаконыщIэр къызэращтэу, IэщIагъэлIхэм цIыхухэр ягъэшынащ: зыхуэвгъэхьэзыр уасэхэр хуэдипщI хуэдизкIэ дэуеиным! АрщхьэкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и къалэхэм ящыщу студент нэхъыбэ зиIэ Ставрополь сыт и лъэныкъуэкIи зэIузэпэщ пэш къыщыпщтэфынущ сом мини 7-8-кIэ. Уи ныбжьэгъу дзей пщIымэ, пэшитI щхьэхуи бгъуэтынущ. Ауэ дэнэ студентым апхуэдиз ахъшэ къыздрихынур? Лэжьэн хуей, къыщыдэхуэ зэманым еджэу? Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ депутатхэр къэралым и щIэблэм ехъуэхъуащ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу. Ахэращ щIыпIэ-щIыпIэхэм къикIхэр зэреджэну щIыкIэр зыубзыхуари. Мыпхуэдэ уасэхэм пэлъэщынур къулейхэм я бынхэрщ е щеджэ къалэм щыпсэухэрщ. Аращи, псори зэлъытар депутатхэм я напэр е, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, я напэншагъэр арауэ къыщIокI.

## Абы щыгъуэми…

**ЕджапIэхэр нэхъ гущIэгъулыуэ Iуэхум бгъэдыхьащ.**

- ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ я иужьрей зэIущIэм советым мы Iуэхум дыщыхэплъащ. Студент профкомым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр къэтлъытэри, унафэ къэтщтащ нэгъабэрей уасэм нэхърэ нэхъыбэ студентхэм къеIыдмыхыну,- къыджиIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Магин Владимир. - Гъэ еджэгъуэщIэр иухыху ар зэрыщытауэ къэнэжынущ.

Мы зэманым университетым мыпхуэдэ хабзэ щыIэщ: цIыхуитI зыщIэс пэшым дэтхэнэми сом 1050-рэ къыщыIах, щы щыпсэумэ - сом 850-рэ. Ауэ еджапIэм «общежитыр зи хэщIапIэ» дэтхэнэми дотацэу сом 400 ирет. Апхуэдэ хабзэр дяпэкIи зекIуэнущ. Пэжщ, яхэтщ тыншыгъуэ нэхъыбэ (телевизорхэр, телефонхэр, н.къ.) зыщIэт пэшхэри. Ахэр сом мин 1,5 - 2000 я уасэщ. Абыхэм щыпсэухэм дотацэ гуэри иратыркъым.

СГАУ-м и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, студентхэм общежитым щIат уасэм хэхъуэнущ. АрщхьэкIэ ар щIигъунукъым нэгъуэщI еджапIэхэм щызекIуэхэм: соми 150-м къыщыщIэдзауэ сом 600-м нэс.

Ставрополь къэрал медицинэ факультетыр псоми ятекIуащ: абы щахъумэфащ япэрей законым щыгъэуvауэ щыта проценти 5 мардэр! Мыбдеж къыщылъытэн хуейщ дохутыр хъунухэм я стипендиехэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу зэрыхагъэхъуар, апхуэдэу щыщыткIэ, общежитым и уасэм зымащIэкIэ зиIэтынущ.

Зэрытлъагъущи, еджапIэхэр нэхъ хуогузавэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм, ауэ депутатхэр езыхэм я хэхакIуэхэм япэжыжьэу къыщIэкIащ.

ПОДКОЛЗИН Валерий.
*«Комсомольская правда»*

• Дунейпсо зэпеуэ



Испанием и Барселонэ къалэм спортым и псы лIэужьыгъуэхэмкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым хуабжьу я Iуэху къыщикIащ Урысейм. Абы ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ дыщэ медалу блы къыщахьащ икIи американхэмрэ китайхэмрэ фIэкIа япэ ирамыгъэщу ещанэ увыпIэр щаубыдащ.
*Сурэтым:* зэгъусэу псым хэлъэнымкIэ ди щIалэхэм къапэхъун къахэкIакъым.

• Анэ мылъку

## 2017 гъэм щымыIэжынуи?!

**Къэрал унафэщIхэр йогупсыс 2016 гъэм и ужькIэ анэ мылъкур ятын-ямытыным. НаIуэу зэрыщытщи, а гъэм иухын хуейщ а программэр. Абы памыщэну къыхалъхьэ ЭкономикэмкIэ школ нэхъыщхьэм и IэщIагъэлIхэм (Правительствэр абыхэм елъэIуат къэралым IэнатIэхэм ятригъэкIуадэ ахъшэр гъэмэщIэн и лъэныкъуэкIэ лэжыпхъэхэр ягъэхьэзырыну).**

ЗИ ГУГЪУ тщIы мылъкум и пIэкIэ экономистхэм къыхалъхьэ сабий пособиехэм хагъэхъуэну, сабий садхэм Iах пщIэм ахъшэ хухалъхьэну.

- Дэ къыдолъытэ IэщIагъэлIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр тэмэму, арщхьэкIэ абы зэуэ укъытеувыIэ хъунукъым, псори зэпэшэчын хуейщ, - жиIащ финансхэмкIэ министр Силуанов Антон.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, анэ мылъкум теухуа программэм 2007 гъэм къару игъуэтащ илъэсипщI пIалъэкIэ. ЯпэщIыкIэ сабий етIуанэ (е къыкIэлъыкIуэ) къалъхум папщIэ сом мин 250-рэ ирату щытащ. Инфляцэм ирихужьэри, ар иужь илъэсхэм хуабжьу дэкIуеящ - мы зэманым сом мин 409-м нос.

БЕЛЯКОВ Евгений.
*«Комсомольская правда»*

• Къэралхэр

## Европэр зыуэ пхущыгъэтынукъым

**Зауэ щIыIэр иуха иужь, Европэм къэралхэр нэхъ гъунэгъу щызэхуэхъуу щIидзащ. Хэбгъэзыхьмэ, языныкъуэхэм я гугъэт континентыр зы европей унагъуэм хуэкIуэну.**

ЕВРОПЭР зэгуагъэхьэну зи хъуэпсапIэхэм зэпымыууэ къыдрагъэжеижырт европей цивилизацэм лъабжьэ хуэхъуа алыдж-латин, кельт, герман къуэпсхэр псоми я къежьапIэу зэрыщытыр. Архитектурэ, макъамэ, философие, политикэ IэнатIэхэр къыщIрагъэдзат лъэпкъ щхьэхуэхэм я Iуэху зыхэмылъу - а псори зы щэнхабзэм и IэдакъэщIэкIыу.

А псори, дауи, пэжщ. АрщхьэкIэ, я къежьапIэхэр зэщхьми, илъэсищэхэр къэгъэнауэ, илъэс минхэм я деж къыщыщIэдзауэ европейхэр зэныкъуэкъуу, зэзауэу къогъуэгурыкIуэ. Зэжьэхэуащ къэралышхуэхэри, щIыналъэ инхэри, цIыкIухэри. Мыбдеж зыри щелъытатэкъым я диныр зэрызэхуэдэми, зы бзэкIэ зэрыпсалъэми. Иджыри долъагъу Европэм и къэралхэр зы лъэпкъыу зэрызэкъуэмыувэфыр.

Инджылызым, Испанием, Бельгием лъэпкъхэр зэгурызымыгъаIуэ сепаратизмэр къыщоукъубей, зыщагъэгъупщэну хуейкъым нэхъапэм езыхэр щхьэхуэу зэрыщытар, Европэм и къэрал куэдым и цIыхухэр арэзыкъым лъэпкъ нэхъ мащIэхэм ящыщхэм тетыгъуэр зэраIэщIыхьамкIэ.

Иджырей къэралхэр Евросоюзу зэрызэгухьам лъэныкъуэ иригъэзыркъым абыхэм я зэгурымыIуэныгъэхэр. Ахэр зы европей унагъуэ хъунымкIэ лъэпощхьэпоуэ къыкъуэкIыр нэхъыбэ мэхъу.

Дунейпсо финанс кризисым къигъэубэлэцащ а зэпэщIэуэныгъэхэр. Нэмыцэхэм къалъытэ Алыджым, Кипрым, Италием хуэдэ «мыхьэнэншэхэр» езыхэм я пщэм къыдэтIысхьэпауэ, ауэ езы «лъэрымыхьхэми» я дежкIэ Германиер «гъэпщылIакIуэщ икIи лъыифщ». Зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэныкъуэкъур щIагъэхуабжьэ лэжьапIэншагъэм, къулейсызыгъэм, мылъкукIэ зэхуэмыдэным, щIэпхъаджагъэхэм. ПсэукIэр щымыщIагъуэм деж, къуаншэхэр дэнэ щIыпIи къыщалъыхъуэ хабзэщ. Зи Iуэхухэр нэхъыфI ищхъэрэ лъэныкъуэм щыпсэухэм ядэркъым ещанэ къэралхэм я мызакъуэу, езы ЕС-м щыщ цIыхухэр зэрахуэIэпхъуэр. Нэмыцэ, скандинав прессэм зэпымыууэ тредзэ румын, бошнакъ, лыхь, алыдж мафием, нэгъуэщIхэм зэхащIыхьхэм теухуа тхыгъэхэр.

Правительствэхэм ящыщ куэдыр арэзыкъым Евросоюзым хэтхэр политикэ IуэхухэмкIэ зэрызэхуэмыдэмкIэ, Германием и сэбэп зыхэлъхэм адрей псори иригъэувэлIэну яужь зэритымкIэ. ЕС-м Брюссель щиIэ къулыкъущIапIэр зыубхэр нэхъыбэ мэхъу: абы зыкъыфIэщIыжащ, Iуэхум хищIыкIыркъым, ахъшэ зрелъэфалIэ.

Евросоюзым и къэрал псоми я щхьэр къыщаIэт национализмэм. Ар белджылы къыщохъу лъэныкъуэ псомкIи: я бзэр, диныр, щэнхабзэр яхъумэну зэрыхущIэкъум. Нэхъапэм яку дэлъа зэпэщIэуэныгъэхэр ягу къагъэкIыж.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ сэ Румынием курс сакъыщыхуеджауэ щытащ дипломат ныбжьыщIэхэм. Мазэм щIигъукIэ сэ сепсэлъащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Зэхызамыгъэхар укIуэдыж! Мэжэрхэр (венгрхэр), лыхьхэр, нэмыцэхэр, украинхэр, алыджхэр - болгархэмрэ сербхэмрэ хуабжьу техъущIыхьырт.

Абы сыкъигъэуIэбжьат: си пащхьэм исыр Европэ зэгухьам и зэманым къэхъуа щIалэгъуалэт. КъызэрыщIэкIымкIэ, блэкIа зэманхэм я Iэужьыр бгъэкIуэдыжыныр, гукъеуэр зыщыбгъэгъупщэныр апхуэдэу тыншкъым.

Евросоюзым хэтхэр зыр адрейм зэрыхущытымкIэ зэтехуэркъым, нэгъуэщI къэралхэр зэхащIыкIынуи хуеиххэкъым. Ахэр Урысейм, КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Курытымрэ, зэрыщыту ещанэ дунейм, США-м, Китайм зэрахущытыр хуабжьу зэщхьэщокI.

Сыт жытIам къыхэтхынур? Евросоюзыр лъэлъэжыну? ЗэкIэ ар къызэтенэным и телъхьэхэр нэхъ лъэщщ, зэбграгъэкIыжыну къэзыгъэувхэм нэхърэ. АрщхьэкIэ лъэныкъуитIми я бэнэныгъэр зэщIоплъэ. ИкIэм-икIэжым Iуэхур зэлъытауэ щытынур Европэм и экономикэм и Iуэхур зыхуэкIуэнумрэ а зэгухьэныгъэм къыпыкI хъерыр зыхуэдизынумрэщ.

ЗэкIэ хуэбгъэфащэ хъунущ зэман гъунэгъум ЕС-р къызэтенэну. Ауэ ар зы къэралышхуэ зэи хъунукъым.

БАЖАНОВ Евгений.
*«Эхо планеты»*

Зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.